Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 32 (6432) 8 июнь 2015 с. Итни ШагIбан 1436 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## Баркула Россиялъул къо!

### 12 июнь – Россиялъул Федерациялъул суверенитеталъул хIакъалъулъ декларация къабул гьабураб къо

ТIолалго районцоязда ракI-ракIалъ баркула нилъер пачалихъияб байрам – Россиялъул къо.

Гьеб байрамалъ бихьизабула нилъер улкаялъул цолъи, гьайбатаб букIинеселде божилъи. Гьединго халкъалда бихьизабуна Россиялъул Конституциялъ тасдикъ гьабураб демократиялъул, эркенлъиялъул, ритIухълъиялъул тIадегIанлъи.

Гьеб къоялъ рагьана Россиялъул тарихалъул цIияб гьумер. Нилъер улка лъугьана эркенлъиялъул ва демократиялъул къучIалда общество гIуцIиялъул нухде.

12 июнь – Россиялъул къо, Россиялъул киналго миллатазего гIадин, дагъистаниязеги, нилъер районалъул гIадамазеги лъугьана пачалихъалъулаб байрамлъун ва Россиялъул миллатал цолъун рукIин загьир гьабулеб къолъунги. Гьелда абула эркенлъиялъул, ракълил ва разилъиялъул байрам абун.

Божула, Россиялъул киналго гражданазго гIадин, гумбеталъулазги Россия тIегьараблъун, къуватаблъун лъугьиналъе квербакъизе букIиналда.

Гьарула щивасе щулияб сахлъи, гьарулел ишазулъ лъикIал хIасилал, рукъалда баракат, талихI, рекъел, рекIее парахалъи, разилъи.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев,**
**районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Социалиял хIалтIухъабазда баркула

Гумбет районалъул социалиял хIалтIухъабазда ракI-ракIалъ баркула социалияв хIалтIухъанасул къо.

Жидерго профессионалияб байрам гьез кIодо гьабулеб буго цере лъурал масъалаби тIуразариялъулъ лъикIал хIасилалги росулаго. РакIчIараб буго районалъул социалияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз халкъалъе хъулухъ гьаби цебетIезабиялде жидерго бажари ва кIвар хадубккунги буссинабизе букIиналда.

Гьарула социалиял хIалтIухъабазе хIалтIулъ бергьенлъаби, щулияб сахлъи, рохел, халатаб гIумру!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев,**
**районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Спайс, марихуана, габани...

### 2 июналда ЧIиркъатIа росулъ тIобитIана Гумбет районалъул администрациялъул терроралда дандечIараб комиссиялъул данделъи ва гьеб росдал активалъулгун дандчIвай

**2 июналда ЧIиркъатIа росулъе хIалтIулаб сапаралъ щвана районалъул нухмалъулел. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевада цадахъ гьенире ун рукIана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Каримов, гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул ва мобилизациялъул хIалтIул рахъалъ администрациялъул аппараталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдурахIман Дайтмирзаев, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Сайпудин МухIамадгIалиев, районалъул имам ГIабдулагь-хIажи Закарикаев, районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадов, районалъул архитектор ХIажимурад АхIмаднабиев, «Гумбетовская ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев ГIалимчилав ГIалимчилаев, районалъул централияб больницаялъул бетIерав врач МухIамад СайгидахIмадов, гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централъул нухмалъулев Муслим ГIабдурахIманов, гIемерфункциялъулаб централъул нухмалъулев ГIумар МухIамадов,**



(Ахир -кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Щуго цIалдохъан ЕГЭялдаса къватIире гьуна
-2 гьум.



Хасавюрт- Кьохъ шагьранухда хьил тIезе байбихьана
-2 гьум.



Хварал чагIазе пенсия щибизе
-3 гьум.



Хьилалда тIад суратал
-3 гьум.

**Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.**

Инхоса ПІали-хІажи



ВОРЕ ЦІАЛЕ, ЦІАЛЕ, ДИР ЦІОДОР

# РагІулищ бухулеб цІумуралъул хъуй

### Данухъ школалда ахирисеб цІурмил байрам

**Школалъул формабиги ретІун берцинго къачІан рачІана ахирисеб цІумур къабиялъул байрамалде, Данухъ гьоркьохъеб школалъул учительзаби, умумул, цересел соназ школа лъугІун арал цІалдохъаби ва росдал маданияб централъулгун библиотекаялъул хІалтІухъаби. СагІат 10 ялда байбихьана тІолгошколалъул рохалилаб линейка.**

Гьеб рагьана ва программа бачана 11 классалъул нухмалъулей **Ханза МухІамаднасироваль.** ЛъикІ гІуцІарал программабигун церерахъана 10- 11 классазул цІалдохъаби. ГІемерисел цІалдохъабазул церерахъинал рукІана рекІее асар гьабулел. Чанго батІиял номераздасан, дикломациял, сценкаби, кьурди, кечІ ахІиялдасан гІуцІараб лъикІаб магІнаялъул байрам лъугьана гьелъул. Умумузул рахъалдасан кІалъазе рагІи кьурай **Кумсият ХІажимухІамадовалъги** лъикІаб къимат кьуна школалъул учительзабазул коллективалъе.

Ахиралда кІалъазе вахъарав школалъул директор **МухІамад Сайпилаевас** киназдаго байрам баркана ва баркала кьуна гьеб гІуцІаразе




ва гьениб гІахьаллъи гьабуразе. Гьес баян гьабуна, гьаб цІалул сон, Данухъ гьоркьохъеб школалъ лъикІал хІасилалгун лъугІизабунин, гьелъие нугІлъи гьабула школалъул цІалдохъабаз районалъул олимпиадабазда, спорталъул къецазда призовиял бакІал росиялъ. Исана «ЛъагІалил цІалдохъан» конкурсалда Данухъ школалъул 11 аб. классалъул цІалдохъан Хъандулай Багьавудиноваль тІоцебесеб бакІ босана. Гьеб буго нилъее киназего рохел.

Ахиралда, цІалулъ лъикІал хІасилал рихьизарурал цІалдохъабазе ва районалъул олимпиададагун спорталъул къецазда бергьаразе грамотаби ва гІарцулал сайгъатал кьуна.

**ГІабдулпатахІ Салатгереев,**
**тарбия кьеялъул рахъалъ**
**Данухъ школалъул**
**директорасул кумекчи**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Щуго цІалдохъан ЕГЭялдаса къватІире гъуна

### МелъелтІа кьезе кІвечІел, Шамилхъалаялде ине руго

**Унел руго МелъелтІа гьоркьохъеб школалда экзамен кьолеб пункталда районалъул школазул 11 классалъул цІалдохъабазул цогоял пачалихъиял экзаменал. 3 июналде выпускниказ кьуна 2 ЕГЭ гІурус мацІалъул ва хІисаб гІелмуялъул. «Гумбет» басмаялъул хІалтІухъан дандчІвана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухІамадовгун.**

**- Муса цогояб пачалихъияб экзамен кьей районалда кин унеб бугеб? Кканищ выпускниказул гІадлу хвезабиялъул хІужа?**

- 26 маялда тІобитІана гІурус мацІалъул цогояб пачалихъияб экзамен. Ккана гьениб экзамен кьеялъул тІалаб хвезабураб 5 хІужа. Экзаменалъул заманалда телефоналдасан пайда босулеб батун махІрум гьавуна 2 цІалдохъан. Видеокамералдасанги тІатана цоги 3 цІалдохъанас гІадлу хвезабиялъул хІужа. КІигояс пайда босулеб батана телефоналдасан, цояс балъго хІалтІизабулеб батана дарс хъвараб кагъат (шпаргалка). Щуявго цІалдохъан гІурус мацІалъул экзамен кьеялдаса махІрум гьавуна. Гьез тІасияб соналда цІидасан экзамен кьезе ккола. Исана гьезие аттестат щоларо.

ТІоцебесеб июналда букІана хІисаб гІелмуялъул ЕГЭ (базовияб). Гьелда гІахьаллъи гьабуна 81 выпускникас. Экзамен ана гІуцІа-къан, гІадлунизам хвезабиялъул хІужа ккечІого.

**- Гьел экзаменазул хІасилал кида лъалел?**

- ГІурус мацІалъул ЕГЭялъул микьабилеб, хІисаб гІелмуялъул ичІабилеб июналдаса хадуб.




**- Экзаменазда кьварараб низам чІезабун букІанищ?**

- БукІана. Экзаменазул гІуцІарухъаби, выпускникал экзаменалде риччана кІиго бакІалдасан металлоискателаз халгьабун. Экзамен лъугІинегІан цониги цІалдохъан къватІиве виччачІо. КІиябго экзаменалда гІахьаллъана федералияв халгьабулев чи, ФСБялъул, прокуратураялъул хІалтІухъаби.

**- Кин унеб бугеб 9 классалъул цІалдохъабазул аслияб пачалихъияб экзамен (ОГЭ). Гьеб чан цІалдохъанас кьезе бугеб?**

- Исана ОГЭ кьезе буго 9 класс лъугІунев 173 цІалдохъанас. 27 маялда тІобитІана хІисаб гІелмуялъул, 3 июналда гІурус мацІалъул аслияб пачалихъияб экзамен. Щибалда гІахьаллъана 170 цІалдохъан. КІиябго экзамен ана гІадлу хвей ккечІого. Экзаменазул хІасилал жеги лъаларо. Графикалда рекъон экзаменал кьезе кІвечІесул рес буго Шамилхъалаялда резервалъулал къоязда (9 ва 11 июналда) экзамен кьезе.

**ГІайшат Исламбиева**

# Спайс, марихуана, габани...

**(Байбихьи-тІоцебесеб гьум.) Гумбет районалъул администрациялъул терроралда дандечІараб комиссиялъул членал, наркоконтролалъул районазда гьоркьосеб Болъихъ бугеб идараялъул хІалтІухъан АхІмад Темирханов, «Гумбет» газеталъул ва бакІалъулаб телевидениялъул хІалтІухъаби ва цогидалги.**

Росдал активалъул дандчІвай гьабилелде ва терроралда дандечІараб комиссиялъул данделъи тІобитІилелде МухІамадгІали МухІамадгІалиев ва цадахъ рукІарал щвана лъималазул ахикье, участковияб больницаялде, республикаялъул музеялъул ЧІиркъатІа бугеб филиалалде, гьоркьохъеб школалде. Лъай-хъвай гьабуна гьел бакІазда хІалтІи гІуцІиялъул бугеб хІалалъулгун, цІехана гьаричІого чарагьечІел хІалтІаби, церечІарал масъалаби щал ругодаян.

Терроризмалде дандечІараб комиссиялъул данделъи тІобитІана ЧІиркъатІа гьоркьохъеб школалда. Гьеб рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас. Терроризмалда, экстремизмалда, наркоманиялда дандекъеркьеялъул рахъалъ ЧІиркъатІа росулъ бугеб жамгІиябгун политикияб хІалалъул хІакъалъулъ бицана жидерго кІалъаязда «Село Чиркаты» росдал поселениялъул администрациялъул нухмалъулев **ХІадисхІажи МухІамадовас,** росдал мажгиталъул имам **ЖабрагІил ХІусейновас,** Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул балугълъиялде рахинчІел лъималазда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул рахъалъ инспектор **МухІамад ХІусейновас,** ЧІиркъатІа росулъ вугев участковияв уполномоченный **ГІабдула МухІамадовас,** районалъул Собраниялъул депутат, республикаялъул музеялъул ЧІиркъатІа бугеб филиалалъул директор **Ибрагьим Ибрагьимовас,** ЧІиркъатІа гьоркьохъеб школалъул директор **МухІамад МухІамадовас**, районалъул централияб больницаялъул бетІерав врач **МухІамад СайгидахІмадовас**, наркоконтролалъул районазда гьоркьосеб Болъихъ бугеб идараялъул хІалтІухъан **АхІмад Темирхановас,** культураялъул, физическияб культураялъул, гІолилазул политикаялъул, спорталъул ва туризмаялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухІамад МухІамадовас,** районалъул имам **ГІабдулагьхІажи Закарикаевас.**

КІалъаязда щивас бицунеб букІана терроризмалде, экстремизмалде, наркоманиялде дандечІараб хІалтІи гьабиялъул рахъалъ ЧІиркъатІа росулъ бугеб хІал. Бихьизабуна, гьабсагІат ЧІиркъатІа гІодобе биччараб ахІвал-хІал бугин, араб соналъ 5 такъсирияб иш ккун букІанин, исана цониги ккечІин. Исламияб диналде данде кколареб къагІидаялъ хьвадулезул учеталда цо чи вукІанин, гьевги тІубараб гІумруялъго жанив тІамун вугин. Росулъ, гІалахазда габанихьон бекьун бугищан халгьабиял тІоритІулин ва хадубккунги гьеб рахъалде, гьединго спайс, марихуана ва цогидалги наркотикал тІиритІизе риччангутІиялде кІвар буссинабизе бугин.

«Гумбет район» муниципарайоналъул бетІер, терроризмалде дандечІараб районалъул комиссиялъул председатель МухІамадгІали МухІамадгІалиевас хІасилазулаб кІалъай гьабуна, чІикъдерил жамагІатчагІазул суалазе жавабал кьуна.

Данделъиялда ЧІиркъатІа росдал администрациялъ терроризмалде дандекъеркьеялъул рахъалъ гІей бугеб хІалтІи гьабулеб бугилан бихьизабуна ва хадубккун терроралъул, экстремизмалъул, наркоманиялъул асирлъиялде ккеялдаса гІолеб гІел цІуниялъе профилактикияб хІалтІи кутаклъизабиялде, гІолилазулъ ВатІаналде рокьи, умумузул лъикІал гІадатал куциялде балагьараб гІатІидаб хІукму къабул гьабуна.

**Къурмагъиз ХІадисова**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# Хасавюрт- Кьохъ шагьранухда хъил тІезе байбихьана

**Хасавюрт – Кьохъ шагьранухлул 78-92 километраби (ЛъаратІа росдада цебеса Сагъибе щвезегІан) гІатІид гьарун къачІалел руго, базе буго кІудияб кьоги. Гьеб 14 километр халалъи бугеб нух гІатІид гьабун къачІан лъугІун, байбихьана хъил тІезе.**

Ниж гьеб нухдасан сапаралъ унеб 2 июналда техникагун, булдулгун 20 чи вугоан хъил тІеялда хІалтІулел. Гумбеталъул СМУялъул мастер **МухІамадгІали ХІусейновгун** гара-чІварулаго гьес гьадин бицана:

- 27 маялда байбихьана хъил тІезе. Щибаб къоялъ хІалтІуде вахъуна 20-22 чи. Жакъа къоялде (2 июнь) хъил тІун лъугІана цо километргун 200 метралда. РоцІараб къо ккани, 300 350 метралда хъил тІезе кІола. ЦІадал ралеб мехалъ хІалтІи цебехун ине квалквал ккола. Хъил баччизеги гІемер рикІкІад гьечІо, Сагъиб заводалда хІадурула. КІиябго нухалъ хъил тІун сентябрь моцІалъ лъугІизабизе хІисабалде босун буго.

Гумбет районалъул централдаса МахІачхъалаялде нух гІемерго къокълъизе буго ва букІине буго 115 километр.

**Къурмагъиз ХІадисова**

ГАРА-ЧIВАРИ

# Хварал чагIазе пенсия щибизе

### 70 сон байдал кьолеб пенсиялъул пайда гьечIо

**Россиялъул пенсионнияб фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновгун дандчIвана «Гумбет» газеталъул хIалтIухъан ва гьесие кьуна чанго суал.**

**- ТIалхIат, гIемер бицунеб буго пенсия чIезабулеб гIумруялъул заман 55 - 60 соналдаса эхеде, 67 соналде бачине ккеялъул хIакъалъулъ. Кинаб бербалагьи бугеб гьеб суалалде жакъа кьоялда?**



- Европаялъул церетIурал хIукуматазда ва США-ялда пенсиялде унеб заман (возраст) 65- 67 соналде щвезегIан буго. Россиялда абуни гьеб заман дунялалда бищунго дагьаб буго 55 сон руччабазе ва 60 сон бихьиназе.

Европаялъул хIукуматазда пенсиялде унеб заман эхеде бачин гIуцIана щибаб соналъ 1-2 моцIалъ цIикIкIинеги гьабулаго, цIакъ халатаб заманалда. Цо-цо гьел хIукуматазда суал лъун буго 2030 соналде пенсиялде ин 70 соналде бачинеги. Закон хIисабалда 2020 соналде гьел хIукуматазе букIине ккола пенсиялде ине руччабазе ва лъималазе батIалъи гьабичIого 67 сон.

**- Щайха нилъер улкаялда гьеб суал бицун гурони цо хIукмуялде рачIун гIумруялде бахъинабичIого тун бугеб?**

- Россиялъул пенсиябазул системаялъул финансовиял суалазул халгьабизе ккола кIиго жо хIисабалдеги босун.

1. - Пенсиялде унел гIадамазул (застрахованные лица) тIалабалги тIуралаго.

2. - ХIукуматалъул ресалги пенсиялде унеб заман 67-ялде бахиналда хурхун экономикаялда ккезе бегьулел хиса-басиязулги халгьабун.

КIиябго тIалаб тIубачIони, рагIаракьанде щун ккезе рес бугел хIасилазухъ балагьун гурони, цебекковухъе (популистически) гьеб суалалде гьорлъе лъугьинеги бегьуларо. Дол Европаялъул хIукуматаздаги 60 соналдаса 67 соналде пенсиялде унеб заман бачана 25-30 соналъ дагь-дагь ккун, щибаб соналъ 2-3 моцI тIаде бачунаго.

Россиялда 67 сон байдал ине кколин пенсиялде абураб суалалъе рачуна хадур рехсарал хIужаби.

1.2000 соналда пенсияги босун жеги хIалтIула ругел гIадамазул къадар букIана 6 миллион чи, 2014 соналъул ахиралде – 14 миллион чи,

Доб 60 соналъул болжал пенсиялде ине чIезабураб мехалъ, гьелдаса хадур хIалтIулароан, сахлъиги букIунароан, законалъги толароан.

2.2000 соналъ гьоркьохъеб хIисабалда Россиялда бихьиназ 58 сон гурони балароан, руччабаз 70 сон балаан.

2013 соналде гьоркьохъеб гIумру Россиялда 5 соналъ цIикIкIана ва бихьиназ 65 сон, руччабаз 76 сон балеб буго.

3.Экономикаялда лъикIаблъун рикIкIуна 2 хIалтIулев чиясде данде цо пенсионер кколеб хIисаб бугони. ГьабсагIаталда цо хIалтIулев чиясде цо пенсионер ккезехъин вуго. 2015 соналъ хIалтIухъабазул къадар 45, 5 миллион буго, амма пенсионерал 39,7 миллион чи вуго. Гьелъ экономика цебетIезабиялъе ресал ратизе захIмалъаби гьарулел руго.

4.Пенсиябазе кьезе гIарац гьечIолъиялъ хIукуматалъул бюджеталдаса Пенсионнияб фондалъ жакъа босизе кколеб къарзалъул буго 31 млрд гъурущ. Гьеб гIарац босичIого букIине ккани цIикIкIинаризе кколел руго Пенсионнияб фондалде росулел взносал, ай жакъа 22% харжалъул босун Пенсионнияб фонд хIебтIулеб гьечIо, гьеб бахине кколеб буго 30-35 %.

Страховиял взносал 30-35 % рахинаруни индивидуалиял предпринимателаз, бизнесалда ругел гIадамаз жидерго хIалтIи къазе кколеб буго, хайир гьечIолъиялда бан.

**- БокьилааН гьел рехсарал хIужабазе баянал кьуни.**

- ГIумру халалъиялъул рахъалъ хьул гьабулеб заман (ожидаемая продолжительность жизни) 2013 соналъ руччабаз (гьоркьохъеб) балеб буго 76, 3 сон, бихьиназ (гьоркьохъеб) балеб буго 65, 1 сон. Статистикаялда рекъон гьел соназде рахинелде холел руго Россиялда 18 % руччабазулги 44 % бихьиназулги. Руччабазул 60 сон балелде холел руго 12% ,60 сон бан хадур 65 сон базегIан 5,6% холел руго, бихьиназул 60 сон баразул 65 сон балелде 15 % холеб буго.

ТIадехун рехсаралъ бихьизабулеб буго 67 соналде пенсиялде унеб заман бахинабуни Россиялъул халкъалъул цIикIкIарасаб къадаралъе рес щолеб гьечIо пенсиялдаса мунпагIалъи босизе. Нилъер гьаниб гIумру халалъиялъул рахъалъ хьул гьабулеб заман жакъа бугел темпазда дагь-дагькккун цIикIкIани 65 соналде пенсия бахинабизе бегьула 2040 соналдаса хадуб.

Цойги мисал. ЧIезабун буго гьадинаб хIужа: пенсиялде унеб заман цо соналъ цIикIкIинабуни, пенсиялде инвалидносталда рекъон унел гIадамазул къадар 7-9 % цIикIкIуна. 2 соналъ цIикIкIинабуни – 15 – 17 % цIикIкIунеб буго инвалидность гьабулезул къадар.

67 соналде бачиналда цадахъ пенсиялде гьеб хIужаялда рекъон инчIел гIадамазе хIалтIизе бакI букIине ккелариш. Гьезул бакI мисалалъе гIолилаз ккунани. Жакъа 88 миллион хIалтIул гIумруялъул гIадамазул 57 миллион гурони хIалтIулеб гьечIо. 31 миллион чияс Пенсионнияб фондалде взносал кьолел гьечIо.

Гьедин бачIинчIеб гIарцул къадар Пенсионнияб фондалде 2011 соналъ халгьабидал 867,5 миллион гъурущ кколеб буго. ГIодобе кколеб буго хIалтIуда рухьун рукIунеб заман. Гьеб бикьула кIийиде: а) текущая, б) хроническая. Текущая – тIубараб лъагIелалъго хIалтIуда гьечIеб. Хроническая – чанго соналъ тIатIала хIалтIуда гьечIеб. 14,4 миллион чи 2002 соналдаса нахъе хIалтIулев гьечIо ва гьезул страховияб стаж гIоларо пенсиялъе. 5 сон пенсиялде ине хутIарал хIалтIул ригьалъул гIадамазул 15,2 % бихьиназул ва 12, 1% руччабазул 2002 соналдаса нахъе цониги соналъул стаж гьечIо. Гьезие пенсияги букIина бищун гIодобегIанаб. Гьедин гIемерлъулел руго жидее гIодобегIанаб пенсия гурони гьечIел гIадамазул къадар. Пенсионеразул 42, 5% буго заман щвелелдего пенсиялде унел гIадамал, гьезиеги пенсиялде унеб заман цIикIкIинабиялдалъун хисулеб жо букIунаро. ТIадехун рехсарал хIужабазги ва цойги гIемерал халгьабиязги бицунеб буго пенсиялде унеб заман 67 соналде бачиналдалъун кьезе бугеб хIасил цIакъ дагьаб букIин ва нилъер социалиял рахъалъ ругел гIунгутIаби Россиялъул пенсиялъул системаялда лъугьарал гIунгутIаби рукIин. Гьел гIунгутIаби раккиялъе гIиллаби 1980 – 1990 ва 2000 сонazул хIасилал рукIин. Гьединлъидал хIукумат кколеб буго гIадамазулги экономикаялъулги тIадецуялде, гьеб цIикIкIараб тIадецуй буго.

**Гара-чIвари гьабуна**
**КъурмагIиз ХIадисовалъ**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# Хъилалда тIад суратал

### КучIдул рикIкIиналъул къецги тIобитIана

**МелъелтIа росулъ КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда бараб памятникалда цебе, 29 маялда кIодо гьабуна** кечI рикIкIиналъул, ахIиялъул, хъилалда тIад сурат бахъиялъул конкурсал. Конкурсазда бергьаразе, призеразе, сакъат ккарал лъималазе



**Халкъазда гьоркьосеб лъимал цIуниялъул къо. Гьеб тIобитIана МелъелтIа росдал маданияб централъ, библиотекаялъ, аслияб школалъгун цадахъ.**

РакIарун рукIана аслияб школалъул цIалдохъаби, умумул, мугIалимзаби, ахIун рукIана лъимерлъудасаго сакъат ккарал ва бесдалго хутIарал лъималги. Тадбир бачана МелъелтIа росдал библиотекаялъе нухмалъулей **Умижат Халидоваль** ва МелъелтIа аслияб школалъул кIудияй вожатая **ПатIимат МухIамадовалъ.** ЛъикIаб церерахьин букIана аслияб школалъул цIалдохъабазул. РукIана батIи-батIиял хIаял. Лъималазда гьоркьор тIоритIана бищун лъикI ва бесдал лъималазе кьуна «Сельсовет "Мехельтинский"» муниципалияб гIуцIиялъул ва МелъелтIа росдал маданияб централъул рахъалдасан сайгъаталги. Лъималазда байрам баркун, гьезие талихI-рохел, сахлъи, ракълилаб гIумру гьарарал кIалъаял гьаруна Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Каримовас,** МелъелтIа аслияб школалъул директор **Зульфия ХIажимурадовалъ,** маданияб централъул нухмалъулей **ГIазра Халидовалъ,** «Сельсовет "Мехельтинский"» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер **Муса МухIамадовас.**

**ГIайшат Исламбиева**

САХАЛ ЧАГIИ САХ ТАГИ

# Диспансеризация

**ЧIахIияб гIелалъул гIадамазул диспансеризация гьабула къаркъалаялъе зараliял, заман щвелалде гIадамасул гIумру кьокъ гьабулел унтаби ригьдаго тIатинаризелъун. Гьединаллъун ккола къаркъалаялда гьорлъ гIемер заманаялда цIунун хутIулел рахунел унтаби, жидецаги сакъатлъиялде рачунел, заман щвелалде гIумру кьокъ гьабулел, бидул тIаде цуй бахин, гьелъ ккезарулел унтаби инфаркт ва инсульт, гьединго рак унти, чакаралъул, гьуърузул батIи-батIиял унтаби ва цогидалги.**

Цудунго церехун рехсарал унтаби тIатине гьаруни ва гьел сахгьаруни, заман щвелалде гIадан гIумруялдаса ватIалъи дагьлъула.

2015 соналда халгьабизе буго гьал соназда гьарурал гIадамазул: 1994, 1991, 1988, 1985, 1982, 1979, 1976, 1973, 1970, 1967, 1964, 1961, 1958, 1955, 1952, 1949, 1946, 1943, 1940, 1937, 1934, 1931, 1928, 1925, 1922, 1919, 1916 с.

Нужерго сахлъиялъул халгьабизе рачIине ккола нужго хисулеб ккколеб участкаялъул поликлиникаялде. Участкаялъул терапевтас гьенир ритIула батIи-батIиял махщелазул тохтурзабазухъе.

Ахирияб соназда гьарурал халгьабиялги рикIкIуна диспансеризациялде гьорлъе, флюорография гIадал. ХIалтIуда ругел гIадамал нухмалъулес эркен гьарула гьел сагIтаз хIалтIудаса.

ЛъикIаб букIина врачасухъе рачIани радал кваначIого, радалиса бакIараб кIущ анализалъеги босун, къаркъалаялъе физическияб нагрузкаги кьечIого. Диспансеризация гьабулел къояз лъикIаб букIина тIадагьаб квен кванан чIани, гьанал ва цIикIкIун цIамгIалаб квен, гIеч, гIурччинаб пер, охцер, гьуинаб перец кваначIони.

Диспансеризация лъугIараб мехалда халгьабиялъул хIаси-лалги хъван кьола кодобе «Сахлъиялъул паспорт». Бищунго хIажат буго нилъер гIун бачIунеб гIелалда бичIчIинабизе жидерго сахлъиялъул халгьаби тIадаб иш букIин. Ахирияб заманалда цIикIкIунел руго унтаби бищунго руччабазул кереналда. Гьезул халгьабизе ккола гьоркьоб гIемер заман ине течIого. Флюорография гьабула туберкулез гьечIолъи чIезабизе. РакIалъул сурат бахъула, беразул давление борцуна.

2014 соналда тIоцебесеб этапалда Гумбет районалда диспансеризация гьабун буго 4378 чиясул, гьезда гьоркьосан стенокардия 50, рекIел ишемия 114, гипертония 179, бидул цIикIкIараб тIадецуй 200, онкологиялде щаклъи 27, чакаралъул унти 11, кереналъул унти 15, беразул унти 24, понцIероялда бижараб жо бихьиназул 4 чиясул, руччабазул 17 ялъул, кванирукъалда жаниб бижараб гьан 6, зоб 236 чиясул батана. Халгьабуна 560 хIалтIулесул, хIалтIулел гьечIел 3818 чиясул. Хирияр районцоял, гьарула нужерго сахлъиялъул халгьабизе рачIаян. Ригьда тIатараб унти сахгьабизе кIола. ЦIуне нужго унтабаздаса.

Киназего гьарула сахлъи!

**Гумбет районалъул поликлиника**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Препятствия, которые надо преодолевать

**Родила царица в ночь**
**Не то сына, не то дочь;**
**Не мышонка, не лягушку,**
**А неведому зверюшку.**
**А. С. Пушкин**

**В 1866 году английский невропатолог Л. Даун впервые описал врожденную болезнь, поражающую в среднем одного из 600 новорожденных. Больные дети вялые, с толстым, неповоротливым языком, расплющенным носом, узкими щелочками глаз. У них часты врожденные пороки сердца и всегда слабоумие.**

По имени врача, описавшего болезнь, её до сих пор называют синдромом Дауна. Долгое время болезнь Дауна считали результатом повреждения плода во время внутриутробного развития. Это оказалось неверным - истинную причину болезни открыл французский ученый Жером Лежен. Он посмотрел под микроскопом множество клеток у больных детей, и обнаружил, что в них не 46, а 47 хромосом.

Это может быть потому, что в организме женщины при образовании яйцеклетки во время мейоза расхождения какой либо пары хромосом не произошло. И тогда в яйцеклетку попадут две одинаковые хромосомы. В данном случае хромосомы 21 пары. После оплодотворения их будет уже не две, а три т. к. добавится 21 хромосома отца. Поэтому нарушение еще называют трисомией 21 или не расхождением по 21-й хромосоме. С возрастом матери повышается риск рождения Дауна: заметили, что у женщин от 19 лет до 21 года на 2500 детей рождается один Даун, а у женщин 45 лет - один на 40 детей.

Естественным было предположить, что сдвиги в механизме мейоза зависят от гормональных изменений, наступающих с возрастом в организме женщины. Но сейчас известны другие причины. Могут быть нарушены первые этапы дробления зиготы, и тогда одна 21 хромосома присоединяется к другой (к 15-й или 22-й). Это явление называют транслокацией хромосом. В первом случае (то есть когда в яйцеклетке лишняя 21 хромосома) болезнь Дауна не наследуется. Во втором случае аномалия будет передаваться из поколения в поколение.

Недавно было рассмотрена гипотеза о влиянии половой активности на трисомию 21. Одно из высказанных предположений объясняет влияние возраста матери на частоту синдрома Дауна вследствие задержанного оплодотворения из-за редких половых сношений

Анализ супружеских пар родителей детей, больных синдромом Дауна показал, что в 20% случаев причиной болезни были ошибки отцовского мейоза. то есть нарушения созревания мужских половых клеток. Именно старением спермы, наступающим из-за редких сношений, можно объяснить рождение детей с синдромом Дауна у матерей всех возрастов. Наверное, поэтому частота рождения детей с синдромом Дауна у незамужних женщин так же высока, как у женщин старше 35 лет. И в той и в другой группе низка частота сношений.

Не расхождение по 18 хромосоме (синдром Эдвардса) всегда смертельно. Дети умирают через несколько месяцев после рождения. У них неправильно расположены уши. короткая грудина, врожденные пороки сердца, недоразвитая скелетная мускулатура, дефекты пальцев. С синдромом Эдвардса рождается один ребенок из 6500. Как в случае трисомии 21.трисомии 18 зависит от возраста матери: чем старше мать, тем больше вероятность не расхождения 18 пары хромосом.

Под названием «синдром Патау» известна трисомия 13 (не расхождение по 13 паре хромосом) Это аномалия бывает у одного новорожденного из 4600. У детей не срастаются верхняя губа и верхнее нёбо. В народе такие аномалии развития издавна называют волчьей пастью и заячьей губой. Они сопровождаются врожденными пороками сердца и увеличением числа пальцев до шести (полидактилия). Дети с трисомией 13 погибают, как правило в первые месяцы жизни.

Множественные уродства бывают у детей, в клетках которых обнаруживается аномальная 18-я хромосома, утратившая свое длинное или короткое плечо. Аномалии любой пары хромосом от 1 -й по 22-ю, как правило, смертельны, и развитие плода самопроизвольно прерывается.

Из общего количества беременностей 30 - 40 % заканчивается спонтанным абортом, и изучение хромосом в тканях абортусов показало, что почти половина из них имеет аномалии в хромосомах.

Изменения в числе половых хромосом не грозят жизни новорожденного, а проявляют себя иначе. Если в яйцеклетке произошло не расхождение по Х - хромосоме, то после оплодотворения мужской гаметой с Y- хромосомой в ней будет не 46, а 47 хромосом. Такое сочетание половых хромосом (XXY) определит у новорожденного синдром Клайнфельтера, редкое заболевание, встречающиеся только у мужчин. У больных синдромом Клайнфельтера половая система недоразвита. У них высокий голос, женоподобные черты, интеллект снижен. Все они бесплодны. Обычно в детстве они ничем не отличаются от своих нормальных сверстников. Различия начинают проявляется в переходный период жизни.

Девочки тоже могут рождаться с измененным числом половых хромосом. В 1925г. Н.А. Шерешевский впервые описал больную низкорослую девочку с недоразвитием половых желез и уродством шеи. В 1983г. Тернер описал такую же больную. Поэтому болезнь получила название синдрома Шерешевского Тернера. Позже при исследовании хромосомного аппарата аналогичных больных было установлено, что в их клетках отсутствует одна из Х - хромосом. Такие больные всегда бесплодны.

Если у новорожденной вместо обычных двух три Х - хромосомы, то лишняя Х хромосома ни как себя не проявляет, не вызывает патологий, но когда число Х хромосом возрастает за счет двух или трех добавочных, рождаются девочки уроды.

Иногда в разных клетках тела человека исследователи встречают разные по количеству хромосомные наборы. Одни клетки содержат норму - 46 хромосом, другие 45 или 47. Получается своеобразная мозаика хромосомных комплектов, поэтому само явление назвали мозаицизмом.

Когда в семье рождается ребенок с измененным числом хромосом, сразу же встает вопрос: «Неужели подобные изменения повторяться у второго ребенка?». Ответ на эти и другие вопросы, связанные с прогнозированием генетического здоровья будущего ребенка призваны давать службы медика - генетического консультирования. В нашей стране существует разветвленная сеть специальных центров.

У нас в Дагестане проводят дородовую диагностику в РЦ ПС и Р. и РМГУ Со дня основания Центра функционирует цитогенетическая лаборатория, где проводиться исследования хромосом (кариотип) и дородовая диагностика (хорионбиопсия).

В Центре проходят обследование семьи, имеющие детей с хромосомными болезнями, врожденными пороками развития.

С помощью метода хорионбиопсии удается диагностировать все формы хромосомной патологии. Биопсия ворсин хориона проводится на 8-9 неделе беременности.

Каждая семья если это необходимо, может получить консультацию.

**Мадина Кебедова,**
**гинеколог-репродуктолог**
**ЦРБ Гумбетовского района,**
**акушер-гинеколог**

ЗИГАРА

## МухIамад ГIабдулмаликов

2015 соналъул 29 маялда халатбахъараб захIматаб унтудаса хадув 80 сонил гIумруялда нилъедаса ватIалъана лъикIав инсан, ветеринариияв врач, гьанже хIалхьиялда вукIарав ветеран МухIамад ГIабдулмаликов.

МухIамад ГIабдулмаликов гьавуна 1935 соналъул 10 марталда Аргъвани росулъ. 1955 соналда анцIго класс лъугIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалда ва гьебго соналъ лъугьана цIализе Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институталъул ветеринариияб факультеталде ва гьеб лъугIана 1960 соналъ. Гьев вукIана районалда тIоцере рахъарал ветеринариял врачазул цояв.

1960 – 1963 соназ хIалтIана Бабаюрталда бугеб районалъул ветучасткаялъул заведующийлъун. 1963 – 1966 соназда райветстанциялда ветеринарияв врачлъун. 1966-1971 соназда хIалтIана ветеринарияв врачлъун цогидал районазда.

1971 соналдаса 2007 соналде щвезегIан хIалтIана Бабаюрталда бугеб Гумбет районалъул ветучасткаялъул заведующийлъун. Кив хIалтIаниги гьес живго вихьизавуна жиндирго иш лъалев, ракIбацIцIадав специалистлъун. Гьес гIемераб хIалтIи гьабуна колхозазул ва гIадамал бетIергьанаб боцIуль унтащокълъи баккунгутIиялъе ва гьев мустахIикълъана гIадамазул баркалаялъе.

МухIамадил лъималазда, хъизаналда, гIага-божаразда гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъабаз ва гьарулеб буго хварасе алжан насиб гьабегиян.

**Гумбет районалъул**
**ветеринарияб**
**управлениялъул**
**хIалтIухъаби.**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254 Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова Верстка: Рапият Зулумханова Газета кьабуна «Лотос» типографиялда Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351 Тираж - 1486 Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00 Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.